

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1. Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis nu aya dina bab IV, di handap ieu dipidangkeun sawatara ringkesanana.

- a. Klausa pagawéan nu aya dina novel *Jaro Bantahan* karangan Tatang Sumarsono kapaluruh aya 868 klausa, kalawan frékuénsi makéna 876 kali. Éta klausa pagawéan téh dipasing-pasing dumasar kana (1) patali aktor jeung aksina, (2) aya euweuhna unsur pamungkir atawa négatif dina caritaanana, jeung (3) wangunna atawa unsur internalna.
- b. Klausa pagawéan disawang tina patali aktor jeung aksina, bisa dibagi opat, nyaéta (1) klausa pagawéan migawé (aktif) kapanggih aya 672 kalawan frékuénsi makéna 680 kali, (2) klausa pagawéan dipigawé (pasif) kapanggih aya 182 kalawan frékuénsi makéna 182 kali, (3) klausa pagawéan migawé manéh (medial) kapanggih aya 9 kalawan frékuénsi makéna 9 kali, jeung klausa pagawéan silihbales (résiprokal) kapanggih aya 5 kalawan frékuénsi makéna 5 kali .
- c. Klausa pagawéan disawang tina aya euweuhna unsur pamungkir atawa négatif dina caritaanana, bisa dibagi dua, nyaéta (1) klausa pagawéan pamungkir (négatif) kapanggih aya 124 kalawan frékuénsi makéna 124 kali jeung (2) klausa pagawéan pangluyu (positif) kapanggih aya 744 kalawan frékuénsi makéna 752 kali.

- d. Klausa pagawéan disawang tina wangunna atawa unsur internal pangwangunna, bisa dibagi dua, nyaéta (1) klausa pagawéan lengkep kapanggih aya 499 kalawan frékuénsi makéna 504 kali jeung (2) klausa pagawéan teu lengkep kapanggih aya 369 kalawan frékuénsi 372 kali.

Dumasar kana ringkesan di luhur, bisa dicindekkeun yén klausa pagawéan nyaéta klausa anu caritaanana atawa prédikatna mangrupa kecap atawa frasa pagawéan. Klausa pagawéan nu pangmindengna muncul ditilik tina patali aktor jeung aksina nyaéta klausa pagawéan migawé (aktif). Ditilik tina aya euweuhna unsur pamungkir atawa négatif dina caritaanana klausa pagawéan nu pangmindengna muncul nyaéta klausa pagawéan pangluyu (positif), sedengkeun ditilik tina wangunna atawa unsur internal pangwangunna klausa pagawéan anu pangmindengna muncul nyaéta klausa pagawéan lengkep.

5.2. Saran

Dumasar kana kacindekan di luhur, aya sababaraha saran patali jeung ieu panalungtikan.

- a. Ieu panalungtikan ngan ukur nganalisis klausa tina warna klausa pagawéan wungkul. Ku kituna, perlu ditalungtik klausa tina warna jeung tilikan nu séjén.
- b. Ieu panaungtikan ngan ukur dianalisis tina wacana tinulis wungkul. Ku kituna, perlu aya panalungtikan klausa pagawéan tina data lisan sangkan hasilna leuwih lengkep.

- c. Ieu panalungtikan ngan ukur disawang tina segi patali aktor jeung aksina, aya euweuhna unsur pamungkir atawa négatif, jeung wangunna atawa unsur internalna wungkul. Ku kituna, dipiharep aya nu maluruh klausa pagawéan tina jihat nu lianna sangkan leuwih jero jeung leuwih lega ambahanana.
- d. Ieu panalungtikan ngan dicokot tina sanovél. Ku kituna, dipiharep aya panalungtikan nu ngabandingkeun tina dua novel atawa leuwih angka hasilna leuwih euyeub. Bisa ogé dicokot tina wangun tinulis séjén saperti carpon atawa déskripsi lianna.
- e. Dina ieu panalungtikan, klausa pagawéan téh can dipatalikeun jeung pangajaran. Ku kituna, masih kénéh perlu panalungtikan séjén anu ngagarap bahan katut pangajaranana.
- f. Ieu panalungtikan téh bisa dimangpaatkeun pikeun bahan pangajaran di sakola dina widang kabasaan tur bisa ngeuyeuban élmu pangaweruh ngeunaan kabasaan.

